



Pou Piblikasyon Imedya: 22/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN YON LEJISLASYON POU ETABLI SISTÈM SWIVI TWOUS VYÒL NAN TOUT ETA A

Lejislasyon S7867-A/A9596-A pral ede sivivan agresyon seksyèl yo swiv twous koleksyon prèv yo

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon (S7867-A/A9596-A) pou etabli yon sistèm swivi elektwonik nan tout eta a pou twous koleksyon prèv agresyon seksyèl yo, yo konn rele yo twous vyòl. Sistèm swivi sa a pral asire ke tout sivivan agresyon seksyèl gen aksè a enfòmasyon sou sityasyon ak anplasman twous yo.

"Sivivan agresyon seksyèl yo merite sipò, konpasyon, lib abit, ak jistis, epi nou pran angajman pou nou fè tout sa nou kapab pote responsabilite yo merite". **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo sistèm swivi sa a pral yon zouti enpòtan pou bay sivivan yo kapasite pou yo swiv twous sa yo, epi li sipòte efò jeneral nou yo pou fè Eta New York vin pi an sekirite ak pote plis sipò pou tout moun".

Lejislasyon (S7867-A/A9596-A) mande Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) la pou kreye yon sistèm swivi pou twous ki anba gad ajans pou fè respekte lalwa yo. Sistèm swivi sa a pral pèmèt sivivan yo jwenn enfòmasyon sou estati twous vyòl yo epi li pral enpòtan pou asire responsablite pou tretman alè.

Senatè Eta Alessandra Biaggi te deklare, "Nouvo sistèm pou swiv twous vyòl Eta New York la pral retabli ajans pou sivivan yo epi l ap pèmèt yo jwenn enfòmasyon sou sityasyon twous vyòl yo si ak lè yo pare. Aksè nan enfòmasyon konsènan twous vyòl yo ka ede sivivan yo kontrekare pèt oto-detèminasyon ak kontwòl ki souvan nan sant yon eksperyans agresyon seksyèl. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul paske li siyen lejislasyon enpòtan sa a, epi mwen remèsye kòlèg lejislatif mwen yo ak defansè devwe yo pou travay san pran souf yo nan sipòte sivivan yo".

Manm Asanble Amy Paulin te deklare, "Etabli yon sistèm swivi twous agresyon seksyèl se yon etap enpòtan nan pote jistis bay sivivan yo. Aksè sa a pral kontrekare pèt oto-detèminasyon ak kontwòl viktim yo ki souvan nan sant yon agresyon seksyèl. Viktim sa yo te deja pase ase epi yo ta dwe gen kapasite pou jwenn enfòmasyon yo -

yon etap potansyèlman kle nan pwosesis gerizon yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li te pran mezi pou ede moun ki viktim agresyon seksyèl nan New York yo".

Sistèm DCJS la pral swiv twous yo apati moman fòs de lòd yo kolekte yo epi laboratwa krim yo ap fè tès ki vin apre yo kòm prèv. Sistèm swivi sa a konplete sistèm swivi ki pral disponib pou sivivan ki chwazi pa soumèt bay fòs de lòd yo, men ki gen twous yo ke OVS dwe estoke pandan yon peryòd 20 ane.

Direktris Biwo Sèvis pou Viktim yo (Office of Victim Services, OVS), Elizabeth Cronin, te deklare, "Nou bat bravo pou Gouvènè a ak lejislati a paske yo asire viktim krim yo gen zouti enpòtan sa a pou ede kenbe yo enfòmè pandan y ap trete prèv pou viktim ki chwazi rapòte krim bay fòs de lòd yo. OVS devwe pou bay viktim krim yo sipò ak resous yo bezwen, twous yo bezwen menm si yo chwazi pou avanse oswa pa avanse ak dosye kriminèl yo".

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la, Rossana Rosado, te deklare, "Nou menm nan DCJS nou devwe pou n amelyore sistèm jistis kriminèl la pou tout moun, epi nou fyè pou n ede moun ki sivivan agresyon seksyèl yo vin otonòm lè nou ba yo enfòmasyon ki ajou ak egzak sou sitiyasyon tretman prèv yo nan ka yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak patnè nou yo nan lejislati a pou lidèchip yo ak angajman yo pou asire viktim agresyon seksyèl yo gen sipò ak resous yo bezwen ak merite".

Sirentandan Enterimè Lapolis Eta a, Steven A. Nigrelli, te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan bay sipò pou sivivan agresyon seksyèl yo. Nouvo sistèm swivi sa a pral asire sivivan yo gen aksè nan mizajou sou twous prèv yo kolekte nan ka yo a, epi li pral rann founisè medikal yo, laboratwa legal yo ak fòs de lòd yo responsab pou asire yo trete twous yo alè".

OVS responsab pou l estoke twous koleksyon prèv agresyon seksyèl ke yo pa te remèt fòs de lòd yo. Lwa Sante Piblik la egzije eta a pou sere twous yo pandan 20 ane epi yon viktim krim ka mande sèten enfòmasyon sou twous yo oswa atik pèsonèl yo ki nan depo. Kounye a OVS ap elabore yon fòm konsantman, ki pral disponib sou [sitwèb ajans lan](#), ki pèmèt viktim krim yo ranpli epi soumèt yon demann bay OVS pa imèl nan soeck@ovs.ny.gov. Sa ap ede bay viktim ak sivivan agresyon seksyèl tan yo ka bezwen pou decide si y ap rapòte krim lan epi remèt twous yo bay fòs de lòd yo pou fè tès yo.

Nan kòmansman ane sa a, Gouvènè Hochul te anonse prèske 373.2 milyon dola nan finansman federal ak eta pandan twa ane bay 219 òganizasyon san bi likratif ak kowalisyon, lopital ak ajans gouvènman pou sipòte 239 pwogram asistans pou viktim ki bay konsèy pou kriz, terapi, abri ijans, asistans legal sivil, jesyon ka ak defans. Sa a se pi gwo investisman finansman OVS te janm administre epi prèske mwatye nan finansman an, 47 pousan, pral sipòte pwogram k ap sèvi viktim ak sivivan vyolans domestik ak fanmi yo pandan 13 pousan pral bay finansman pou pwogram k ap sèvi viktim ak sivivan vyolans seksyèl.

[Asistans finansyè OVS administre](#) a bay yon rezo sekirite enpòtan epi ede viktim yo, sivivan yo ak manm fanmi yo avèk depans medikal ak konsèy, depans pou fineray ak antèman, salè yo pèdi ak sipò, anplis lòt asistans. New York se sèl eta nan peyi a ki pa gen yon limit sou depans pou konsèy oswa medikal, sa vle di ke moun yo ka resevwa èd otan ke yo bezwen l.

Pwogram asistans pou viktim yo tou ede moun yo fè reklamasyon bay OVS pou jwenn konpansasyon oswa ranbousman pou depans ki soti dirèkteman nan krim lan. Pandan se revni yon moun ak aksè nan lòt resous, tankou asirans sante, ki detèmine kalifikasyon pou konpansasyon oswa ranbousman, pwogram asistans pou viktim yo bay sèvis ak sipò gratis pou nenpòt moun ki bezwen yo. [OVS Resource Connect](#) pèmèt Nouyòkè yo chèche fasilman pwogram yo dapre enkyetid oswa pwoblèm espesifik yo ap fè fas. Vizite [sitwèb Biwo Sèvis pou Viktim](#) yo pou jwenn plis enfòmasyon ak swiv ajans lan sou [Twitter](#) ak [Facebook](#). Pou plis enfòmasyon sou sèvis ajans lan ofri, ansanm ak direktiv kalifikasyon yo, vizite www.ovs.ny.gov oswa rele 1-800-247-8035.

Gwen Wright, Direktris Egzekitif Kowalisyon Kont Agresyon Seksyèl nan Eta New York, te deklare, "NYSCASA bat bravo pou Gouvènè Hochul ak lejislati Eta New York la paske yo adopte ak siyen lwa enpòtan sa a. Sistèm Suivi Twous Vyòl nan tout Eta a pral yon lòt zouti ke gwo eta New York bay pou pote jistis bay sivivan agresyon seksyèl ak vyòl yo. Gouvènè Hochul te defann dwa sivivan agresyon seksyèl yo pandan plizyè ane. Nou kontan dèske li rekonèt enpòtans pou swiv sitiyasyon twous vyòl yo pou sivivan yo santi yo an kontwòl desten yo".

Ilse Knecht, Direktris Politik ak Defans nan Joyful Heart Foundation, te deklare, "Jodi a, Joyful Heart Foundation bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul paske li siyen S.7867-A, yon lwa ajoute New York nan eta k ap grandi yo ki te reyalize refòm konplè pou twous vyòl ki gen sis pilye. Avèk sistèm swivi sa a ki an plas, New York mete ansanm ak 36 eta, Washington D.C., ak Pòtoriko pou ogmante transparans ak responsablite nan koleksyon ak tès prèv enpòtan sa yo. Sistèm swivi yo asire tou twous yo teste byen vit epi, avèk aplikasyon yon pòtay viktim, bay sivivan yo yon zouti yo bezwen pou yo geri. Nan Joyful Heart, nou konnen ke bay sivivan yo aksè sou entènèt nan enfòmasyon sou twous yo sou pwòp kondisyon yo ka ede kontrekare pèt oto-detèminasyon ak kontwòl nan sant eksperyans agresyon seksyèl la. Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen pwojè lwa sa a epi nou pa ka tann pou nou kòanse travay avèk biwo li a pou aplike refòm enpòtan sa a".

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)